



### Reimajine eksperyans elèv nan kafeterya

Chè Nouyòkè,

Mwen kontan anpil pou mwen akeyi timoun ou yo ankò apre vakans ivè a, epi mwen espere yo trèkontan tou pou yo retounen lekòl avèk kamarad klas yo ak pwofesè yo.

Nou konnen lè ou konfye timoun ou yo nan men nou, ou pa espere pou yo resevwa sèlman yon edikasyon ekselan, men tou pou yo resevwa sipò ak sèvis konplè ki ka ede yo pwospere, tankou manje maten ak manje midi gratis chak jou.

Lekòl nou yo se pa sèlman kote pou aprann men kote tou ou jwenn swen ak konfò—epi yon repa bon gou ak nourisan se yon pati enpòtan nan sa. Lè elèv nou yo gen yon repa nourisan chak jou, ki konsidere kilti yo, yo travay pi byen nan salklas la epi yo gen plis chans pou yo pran bonjan desizyon nan lavni.

Mwen konnen anpil nan nou pa gen yon bon imaj osijè manje lekòl – si nou konsidere jan sa te ye lè nou te lekòl sa gen plizyè dizèn ane. Jodi a nan kafeterya lekòl nou yo, nou sèvi salad fre, pwodui lokal, ak yon varyete bagay nourisan nan meni an ki reflete kilti elèv nou yo.

Pou ankouraje elèv nou yo pwofite manje sa yo, n ap agrandi Eksperyans Amelyorasyon Kafeterya a—epi n ap reimagine fason nou sèvi elèv nou yo manje. Agrandisman sa a ap kòmanse avèk yon envestisman \$50 milyon pou transfòme plis pase 80 kafeterya, pou fè yo tounen espas ki akeyan pou elèv yo manje. Men sa timoun ou yo ka atann:

- *Chwa elèv yo*: yon varyete fason pou manje manje maten, manje midi, fwi antye, legim, ak pwodwi yo fèk koupe nan kontwa salad yo.
- *Sèvis rapid*: Elèv yo pa pral oblije rete tann nan yon liy long pou manje, sa ki ba yo plis tan pou relaks ak detann yo avèk kamarad klas yo.
- *Estil modèn*: Yo reamenaje kafeterya avèk yon objektif pou kreye yon anviwònman akeyan.
- *Nouvo mèb*: Nouvo tab ak chèz konfòtab pral akeyi elèv yo nan nouvo espas yo.

Kòm yon pati nan amelyorasyon sa a, nou pral ogmante aksè nan opsyon halal nan lekòl atravè vil la. Pou kounye a, 78 nan kuizin nou yo sètifye pou sèvis repa halal. Sa pèmèt timoun nou yo fè eksperyans manje nan yon fason ekitab: san liy separe, san repa separe, epi avèk opsyon pou chak elèv.

Anyen nan bagay sa a pa t ap posib si ekip sèvis manje nou yo pa t travay san pran souf. Moun sa yo se adilt sousye ki kominike avèk pitit ou chak jou epi ki asire yo timoun yo gen manje nourisan ak bon gou yo bezwen pou kenbe pandan jounen lekòl la. Mwen rekonesan anpil pou devouman yo ak pou jan yo travay di.

Mwen espere nouvo espas kafeterya yo estimile apeti timoun ou yo epi pou yo pa ka tann okazyon pou yo jwenn kèk bon manje, bon gou ak pou detann yo avèk zanmi yo.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

----

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).